

Pou Piblikasyon Imedya: 03/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN YON PWOJÈ PILÒT INOVATÈ POU LITE
KONT FLOREZON ALG NUIZIB YO**

***Sistèm kolektè mobil la separe alg yo de dlo a, remete dlo klè a nan lak la - Si pilòt
nan Lak Agawam lan reyisi, yo pral aplike kolektè a nan tout eta a***

***Sa fè pati inisyativ global 82 milyon dola Florezon Alg Nuizib - oswa HAB -
Gouvènè a pou tout eta***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman yon nouvo pwojè pilòt inovatè pou lite kont florezon alg nuizib - oswa HAB - epi remete dlo klè nan Lak Agawam Vilaj Southampton lan. Pilòt la ap fèt sou direksyon Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ak Biwo Sèvis Jeneral la (Office of General Services, OGS) nan tèt ansanm avèk Vilaj Southampton. Pwojè pilòt la fè pati inisyativ 82 milyon dola Eta a pou etidye HAB, entèvni kont yo epi anpeche yo antre nan mas dlo yo nan New York. Si pilòt la nan Lak Agawam lan reyisi, y ap aplike li nan tout eta a. Gouvènè a te lanse inisyativ HAB a an 2018 avèk 65 milyon dola finansman eta.

"Pwoteksyon kalite dlo a nan New York se yon priyorite prensipal epi n ap ofri asistans dirèk pou kominote yo reyaji rapidman ak efikasan kont florezon alg nuizib yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap deplwaye nouvo zouti inovatè tankou kolektè HAB a pou okipe florezon alg yo nan Lak Agawam, epi nou pral kontinye eksplòre dènye teknoloji pou wete florezon sa yo nèt epi kenbe mas dlo yo toupatou nan eta a pwòp ak san danje. Si pilòt sa a mache, alòs n ap mete li alechèl epi aplike li toupatou eta a tout kote sa posib."

Kolektè alg mobil la pral separe alg yo ak lòt sibstans yo de dlo a epi remete dlo ki filtre ak amelyore konsa a nan lak la pou redui HAB a. Kolektè alg la sèvi avèk teknoloji yo souvan itilize nan izin dlo potab.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an (DEC) Basil Seggos te deklare, "Sou demann Gouvènè Cuomo, syantifik ak ekspè sou kalite dlo yo nan DEC, ak kolaboratè lokal nou yo ak kolaboratè nou yo nan eta a, ap fè rechèch sou kòz florezon alg yo nan tout eta a epi yo se pyònye nan jwenn solisyon modèn pou reyaji kont florezon sa yo ak menas yo poze pou mas dlo yo nan New York. Lansman nouvo pwojè pilòt sa a jodi a nan Lak Agawam pral fè vanse efò New York ap fè yo pou okipe florezon alg sa yo ki gen posibilite pou yo toksik".

RoAnn Destito, Komisè Biwo Sèvis Jeneral la te deklare, "Sekirite alontèm kalite dlo Eta a se yon priyorite pou Gouvènè Cuomo. Nan tèt ansanm avèk DEC, OGS ap ofri soutyen teknik ak administratif nan kontra pou pwogram pilòt sa a pou okipe florezon

alg yo k ap kontinye parèt nan vwa navigab nou yo. Entwodiksyon pwogram inovatè tankou sa a pral ede mennen solisyon dirab nan mas dlo nou yo".

Chèf Egzekitif Konte Suffolk la, Steve Bellone te deklare, "Kòm nou se yon Zil, dlo se youn nan resous nou yo ki pi presye, men prezans florezon alg nuizib yo kontinye ap menase fason nou viv la. Gras a envestisman istorik Gouvènè Cuomo yo, nou pa chita ap tann ankò, epi lansman nouvo pwogram global sa a pral ede garanti dlo pwòp pou jenerasyon k ap vini yo".

Lejislatè Konte Suffolk la Bridget Fleming, ki gen Southampton ki fè pati distrik South Fork li an, te deklare, "Vwa navigab yo toupatou nan rejyon nou an nan yon eta kritik epi amelyorasyon yo nan Lak Agawam esansyèl pou ekonomi ak kalite lavi an nan Vilaj Southampton. Florezon alg yo nan lak sa a, pyès metrès la nan Vilaj Southampton, rive a yon nivo ki plizyè milye fwa pi wo pase estanda pou pigman ble-vèt la DEC tabli an. Toksin sa yo se yon risk pou sante ak sekirite piblik nan kominote anviwonan an epi li gen konsekans negatif sou ekonomi nou an ki chita sou touris. Mwen soutni nèt envestisman sa a nan amelyorasyon kondisyon yo nan Lak Agawam gras a nouvo teknoloji".

Majistra Vilaj Southampton lan Jesse Warren te deklare, "Nou kontan nèt mete tèt ansanm avèk Gouvènè Cuomo k ap pran devan nan zafè florezon alg nuizib yo epi ki pral ede nou netwaye Lak Agawam yon fason san presedan. Florezon alg yo se yon menas danjre pou dlo nou yo epi pou sante rezidan nou yo. Reyaksyon inovatè sa a atake pwoblèm nan dirèkteman. Nou fyè travay dirèkteman avèk Gouvènè Cuomo, pandan n ap investi nan nouvo teknoloji ki pwoteje mas dlo nou renmen yo epi fè Long Island fè pwogrè pou anpil lane".

Daniel Levy, Vis-Prezidan, Environments, DCS Americas, AECOM, te deklare, "Alg toksik yo nan vwa navigab yo toupatou nan Etazini se yon pwoblèm deplizanpli grav ki pral kontinye aflije kominote yo soti sou yon kòt al sou yon lòt. Pwogram pilòt nou an isit la nan Lak Agawam pral sèvi avèk teknoloji dènye kri pou kòmanse ede retire HAB yo amezi y ap parèt epi redui konsantrasyon eleman nitritif yo nan lak la".

Lak Agawam, yon pak rekreyatif avèk bèl peyizaj nan vilaj Southampton, ap soufri anba florezon alg ki menase kalite dlo lak la. Yo rapòte HAB nan lak la chak ane depi omwen 2013. Y ap teste kolektè alg la, ki sèvi avèk siksè nan lòt eta, nan New York pou wè si l ap ede retire alg yo nan lak la. Y ap enstale kolektè alg la pwovizwaman nan Pak Lak Agawam lan epi yo prevwa l ap operasyonèl pandan de semèn. DEC pral pran echantyon epi kontwòle lak la de pre pou wè si gen chanjman pandan y ap egzekite pwojè pilòt la.

Enfòmasyon sou Pwogram HAB New York la ak inisyativ Gouvènè a pou lite kont HAB

Pifò florezon alg yo san danje. Sepandan, kontak avèk toksin ak lòt sibstans ki soti nan sèten HAB kapab fè moun ak zannimo malad. Florezon alg nuizib yo ap fèt deplizanpli souvan epi pandan pi lontan sa ki menase kalite dlo potab la ak itilizasyon rekreyatif mas dlo yo ki yon bagay esansyèl pou sante ekosistèm nan ak touris toupatou nan eta a. Yo detekte HAB nan plis pase 400 mas dlo depi 2012. Pou okipe HAB yo, DEC ap travay avèk Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a, OGS, Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic

Preservation), ak lòt kolaboratè eta ak lokal. DEC ak DOH kontinye ap mennen pwogram pou kontwòl ak rapò sou HAB ki pi global la nan nasyon an. DEC, DOH, Pak Eta yo, etablisman akademik yo, ak kolaborasyon benevòl pou kontwòl yo ap kontwòle plizyè santèn mas dlo chak ane. Anplis de sa, pami pwoteksyon sante piblik DOH yo gen sipèvizyon plaj ki règleman yo ak sistèm dlo piblik yo.

Sou demann Gouvènè Cuomo, DEC ak DOH ap mennen yon inisyativ ant plizyè òganis nan tout eta a pou lite enèjikman kont HAB epi pwoteje kalite dlo potab la ak ekonomi an. An 2018, te gen kat somè ki te rasanble ekspè nasyonal, eta, ak lokal pou diskite sou kijan pou redui kantite fwa florezon sa yo fèt. Apre anons sou Eta Leta (State of the State) Gouvènè Cuomo a an 2018, òganis eta yo te rezève plis pase 82 milyon dola sibvansyon konkiransyèl pou pwojè k ap okipe polisyon eleman nitritif nan mas dlo HAB yo touche yo. Fon sa yo vin ajoute sou yon rechèch sou plizyè ane sou HAB, kontwòl avanse, ak pwogram pilòt ki te kòmanse an 2018 epi ki te koute apeprè 11 milyon dola. Depans sa yo pa gen ladan yo finansman yo rezève pou kontwòl kalite dlo potab la toulejou ak entèvansyon founisè dlo yo ap antreprann an reyaksyon a yon sitiwayon HAB presi.

Nan zafè HAB, DEC ankouraje Nouyòkè yo pou yo "KONNEN L, EVITE L, RAPÒTE L". KONNEN L - HAB yo varye nan aparans yo soti nan ti pwèn vèt ki simaye nan dlo a, pase pa tras an fòm liy long vèt, soup pwa oswa penti vèt ki vide, rive nan kolorasyon ble-vèt oswa blan. EVITE L - Moun, bèt kay ak betay dwe evite kontak avèk dlo ki dekolore oswa ki gen kim alg sou sifas la. RAPÒTE L - Si manm nan piblik la sispèk yon HAB, yo dwe rapòte li pase pa fòmilè rapò anliy NYHABS la ki disponib sou sit wèb DEC a. Yo dwe rapòte sentòm oswa enkyetid sou sante ki gen pou wè avèk HAB bay DOH nan harmfulalgae@health.ny.gov.

Menm si yo poko fin konprann nèt sa ki lakòz HAB yo egzakteman, yo abityèlman jwenn HAB nan dlo ki gen anpil fosfò ak/oswa azòt. Eta New York gen anpil pwogram ak aktivite pou redui kantite fosfò ak azòt ki antre nan dlo a soti nan tè ki antoure li yo, sa gen ladan pwogram pèmi dlo lapli, finansman pou pwojè amelyorasyon kalite dlo a, ak yon lwa sou eleman nitritif ki mete restriksyon sou itilizasyon angrè pou gazon ki gen fosfò.

Pwogram HAB Eta New York la ap travay avèk kolaboratè pou idantifye, suiv, epi rapòte HAB toupatou nan eta a, epi mete piblik la okouran risk yo pou lasante. Nan Prentan ki sot pase a, DEC te lanse yon [nouvo sistèm pou rapòte NYHABS](#) ki pèmèt ni piblik la ni pwofesyonèl fòme k ap pran echantyon florezon alg yo voye rapò sou HAB bay DEC pa mwayen elektwonik gras a yon fòmilè senp, fasil pou itilize epi ki adapte ak telefòn mobil. Y ap poste rapò sa yo, lè DEC ak DOH fin evalye yo, nan paj NYHABS la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)